



Pou Piblikasyon Imedya: 9/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY PREZIDAN FAKILTE AK INIVÈSITE YO: APÈL POU JENOSID PÈP JWIF LA VYOLE LWA ETA NEW YORK AK FEDERAL**

***Nan lèt la, Gouvènè a di Eta a pral aplike vyolasyon Lwa sou Dwa Moun yo epi refere ak vyolasyon Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la bay responsab federal yo***

***Baze sou aksyon Gouvènè a ap kontinye fè pou pwoteje Nouyòkè yo apre ogmantasyon nan krim rayisans ak prejije yo***

***Nou kapab wè lèt Gouvènè Hochul la [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul [te voye yon lèt](#) bay prezidan fakilte ak inivèsite atravè Eta New York pou di apèl pou jenosit ki te fèt sou kanpis fakilte yo se yon vyolasyon Lwa sou Dwa Moun Eta New York ansanm ak Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la. Lèt sa a fè swivi ak Odyans Kongrè a sou Antisemitis kote plizyè prezidan inivèsite pa t denonse antisemit ak apèl pou jenosit sou kanpis fakilte yo kòm sadwa.

Gouvènè a te asire Eta New York pral aplike vyolasyon Lwa sou Dwa Moun Eta a epi li pral refere vyolasyon Tit VI bay responsab federal yo. Apèl pou jenosit la ta dwe konsidere kòm yon vyolasyon dirèk Kòd Konduit Inivèsite Eta New York ak (State University of New York, SUNY) ak Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY), epi Gouvènè Hochul te fè sa klè ke tout fakilte ak inivèsite nan eta a dwe aplike menm estanda a, epi dwe genyen yon mekanis ki byen defini ak byen pibliye pou moun yo rapòte plent.

Nan dat 8 desanm, Gouvènè Hochul [te anonse](#) lèt la nan Sèvis Shabbat nan Tanp Izrayèl, kote yon ensidan ak zam ansanm ak arestasyon annapre te rive nan kòmansman semèn sa a. Gouvènè a te vizite tou Temple Beth Emeth nan Albany pou pataje yon mesaj solidarite epi li te fè klè ke Eta New York pa gen okenn tolerans pou rayisman ak vyolans sou kanpis fakilte yo.

Aprè yon ogmantasyon nan ensidan rayisman ak prejije nan semèn ki vini apre atak teworis Hamas 7 oktòb yo, Gouvènè Hochul [te deplwaye](#) tout resous Eta New York ki disponib pou pwoteje Nouyòkè yo nan kominote ki gen risk yo ak sou kanpis fakilte yo. Gouvènè a te anonse tou ke Jij Jonathan Lippman pral fè yon revizyon endepandan twazyèm pati sou règleman ak pwosedi Inivèsite Vil New York ki gen rapò ak antisemit

ak diskriminasyon, epi li pral pwodui rekòmandasyon sou fason tout fakilte yo ka pi byen pwoteje sekirite etidyan yo.

N ap jwenn tèks konplè lèt Gouvènè Hochul te voye bay Prezidan an anba a:

*Pou: Prezidan Fakilte ak Inivèsite Eta New York yo*

*Semèn sa a, tankou anpil Ameriken, mwen te sezi wè prezidan plizyè inivèsite enpòtan - lidè aktyèl yo ki responsab pou edike lespri jèn ki pral grandi pou tounen lidè nan demen - pa denonse byen klè ak san ekivòk antisemitis ak apèl pou jenosid pèp Jwif la sou kanpis fakilte yo.*

*Mwen te kontakte Rektè SUNY, John King, pou m asire se politik SUNY ke apèl pou jenosid nenpòt gwoup moun sou youn nan 62 kanpis SUNY yo t ap konsidere kòm yon vyolasyon kòd konduit SUNY, epi t ap mennen nan aksyon disiplinè rapid. Rektè King te deklare se konsa menm, epi SUNY pa pral tolere okenn antisemit oswa rayisman. Rektè CUNY, Felix Matos Rodriguez, konfime menm bagay la tou pou lekòl CUNY yo.*

*Anplis de sa, si yo pa abòde aktivite sa yo, sa ap reprezante yon vyolasyon Lwa sou Dwa Moun Eta New York ansanm ak Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la. Dapre Tit VI, nenpòt moun k ap resevwa lajan federal responsab pou kenbe etidyan yo lwen yon anvivònman ostil ki baze sou etnisite yo oswa orijin nasyonal yo - yon estanda ke yo te aplike pou antisemitis.*

*Mwen ekri w pou asire w ke enstitisyon w lan ap aplike menm estanda a nan kòd konduit li a, epi li gen yon mekanis byen defini ak byen pibliye pou moun yo rapòte plent yo. Antanke Gouvènè New York, mwen vle ranfòse ke fakilte ak inivèsite ki pa an konfòmite ak lwa federal ak lwa eta ki pwoteje etidyan yo kont diskriminasyon yo ka jije pa elijib pou resevwa lajan eta ak federal.*

*Mwen asire w ke si yo jwenn nenpòt lekòl nan Eta New York ki an vyolasyon, mwen pral aktive Divizyon Dwa Moun Eta a pou pran mezi ranfòsman agresif epi mwen pral refere posib vyolasyon Tit VI bay gouvènman federal la.*

*Defayans moral repons deplorab kesyon yo te poze pandan odyans Kongrè a semèn sa a te montre klè yo pa kapab epi yo p ap tolere isit la nan eta New York.*

*Mwen rete rekonesan pou travay nou fè pou edike ak pwoteje etidyan nou yo ak patenarya w pou kenbe rayisman ak entimidasyon lwen kanpis nou yo.*

*Kòdyalman,*

*Gouvènè Kathy Hochul*

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418